

PWOTEKSYON KONSOMATÈ YO KONSÈY POU

ADILT KI PI AJE

Antanke konsomatè, adilt ki pi aje yo konfwonte defi ki pa gen parèy. Depatman Zafè Konsomatè te kreye konsèy sa yo pou ede edike adilt ki pi aje yo sou eskwokri ki rive souvan ak sou pwoblèm finansyè ak ki kote yo ta dwe ale pou jwenn èd.

ANNDAN:

Finans p.3

Eskwokri ki rive souvan p.8



Bill de Blasio
Mayor

Consumer
Affairs

Lorelei Salas
Commissioner

Aging

Donna M. Corrado, PhD
Commissioner

KONSEY SOU PWOTEKSYON KONSOMATÈ POU ADILT KI PI AJE: FINANS

Pou pwoteje lajan ak byen ou yo, men kèk konsèy pou ede ou.

PEMAN BENEFIS FEDERAL YO

Lalwa a egzije pou ou resevwa peman benefis federal yo elektwonikman. Si ou resevwa Sekirite Sosyal oswa Revni Sekirite Siplementè (Supplemental Security Income - SSI), ou dwe resevwa peman an pa depo dirèk sou yon kont labank oswa yon kont kès depay oswa sou yon kat debi prepeye.

ENPÒTAN

- Pou mete anplas peman elektwonik, al gade nan godirect.gov oswa rele nan 1-800-333-1795.
- Si ou pa gen kont labank oswa yon kont nan yon kès depay, Vil la ofri kont kouran ak kont depay ki an tout sekirite epi ki bon mache. Pwogram sa yo gen ladann:
 - **NYC Direct Deposit:** Ou kapab louvri yon kont kouran gratis si ou depoze dirèkteman chèk salè ou nan kont sa a. Kont la pa chaje frè mansyèl; pa gen opsyon dekouvè (overdraft) pou acha ak kat debi oswa retrè lajan nan ATM; pa gen egzijans balans minimòm oswa balans minimòm ki ba; sèvis bankè sou Entènèt ki gratis ak peman bòdwo; retrè gratis nan ATM ki andedan rezo an.
 - **NYC SafeStart Account:** Ou kapab louvri yon kont depay pou debitnan. Kont la pa chaje frè pou dekouvè (overdraft); pa gen frè mansyèl si ou satisfè balans minimòm yo; egzijans balans minimòm ki \$25 oswa mwens, selon enstitisyon finansyè a; kat ATM oswa kat debi.

Al gade nan nyc.gov/dca oswa rele 311 pou jwenn plis enfòmasyon osijè [NYC Direct Deposit](#) oswa [NYC SafeStart Account](#).



Ou kapab itilize IDNYC pou louvri yon kont kouran oswa yon kont depay nan youn nan bank oswa kès depay ki patisipe nan IDNYC yo. Al gade nan nyc.gov/idnyc oswa kontakte 311 pou jwenn adrès sikusal yo.

BENEFIS LETA BAY

Gen anpil pwogram leta pou adilt ki pi aje ki nan bezwen. Al gade nan Depatman pou Moun k ap Vyeyi sou Entènèt nan nyc.gov/aging pou jwenn enfòmasyon osijè benefis ak resous yo, ikonpri pou lojman, lwaye, manje, asirans sante, medikaman sou preskripsyon epi plis bagay toujou.

Epitou, al gade nan AARP sou Entènèt nan aarp.org. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon konsènan benefis leta bay. Ou ka jwenn tou oryantasyon sou kote pou mande pou rabè pou senyò.

PRÈ IPOTEKÈ ENVÈSE (OSWA IPOTÈK KONVÈSYON)

Yon prè ipotekè envèse se yon prè ou pran kont kay ou. Ou pa bezwen repeye prè a *toutotan ou rete nan kay la*. Pou sèten moun, se pi bon opsyon pou jwenn lajan kach apatide valè kay ou pou peye bòdwo oswa pou pare pou ijans. **Pou kalifye pou pifò prè ipotekè konvèsyon yo, kay ou an dwe pou ou epi ou dwe gen 62 zan oswa plis.**

ENPÒTAN

- Yon prè ipotekè envèse se yon prè ou dwe repeye kanmenm alafen. Asire ou ke yon prè ipotekè envèse se yon bon opsyon prè pou ou.
- Yon prè ipotekè envèse redwi montan lajan oumenm oswa patrimwàn ou ta genyen si ou te vann kay ou si ou demenaje oswa ou mouri.
- Pa janm peye pou enfòmasyon osijè prè ipotekè envèse. W ap jwenn enfòmasyon gratis osijè Depatman Etazini pou Lojman ak Developman Iben (U.S. Department of Housing and Urban Development - HUD) sou wèbsayt li nan hud.gov.

PRÈ POU ETIDYAN

Plis pase 100,000 abitan New York ki gen 55 an oswa plis gen prè pou etidyan yo dwe repeye. Prèske 17 poustan anreta sou peman prè an oubyen yo pa ka peye l.

ENPÒTAN

- Vil la kapab ede ou redwi dèt ou genyen ki gen pou wè avèk prè pou etidyan ou yo. Al gade nan ASISTANS GRATIS.
- Ou ta dwe ko-siyen pou yon prè prive pou yon timoun oswa yon pitit-pitit pou lekòl sèlman si tout lòt altènativ yo pa posib. Se ou ki responsab pou peye dèt la si manm fanmi ou pa reyisi peye prè a. Istorik kredi nou toulede ap domaje.

FÈ ATANSYON...

ESKWOKRI POU LAJAN

- **Eskwokri konsènan Envestisman:** Toujou fè yo ba w dokiman ki apwopriye yo. Li kontra a anvan ou fè kèlkeswa envestisman an. Konsilte yon sous ou fè konfyans.
- **Fwòd Sekirite Sosyal, Medicare ak Swen sante:** Adilt ki pi aje yo se yon sib pou eskwokri. Pa janm bay okenn enfòmasyon pèsonèl oswa finansyè nan telefòn, nan imèl, nan mesaj tèks oswa sou sit medya sosyo yo. Sa gen ladann nimewo Sekirite Sosyal ak nimewo Medicare ansanm ak preskripsyon, asirans ak enfòmasyon kat kredi.
- **Fwòd konsènan Prè Ipotechè:** Fè atansyon avèk moun oswa konpayi ki di yo kapab bese peman ipotèk ou si ou peye yo yon montan lajan. Epitou, fè atansyon avèk kèlkeswa moun lan ki pwomèt ou swen pou tout vi ou si ou ba yo pwopriyete ou. Konsènan kay ou, toujou pale avèk yon avoka anvan ou siyen kèlkeswa papye a.
- **Fwòd konsènan Taks:** Fè atansyon avèk moun oswa konpayi ki di ou dwe taks. Epitou, fè atansyon avèk nenpòt moun ki di li pral bese taks ou yo si ou peye yo yon sòm lajan.

PRÈ KI GEN KONDISYON ABIZIF

Prè pou machin dezyèm men se yon tip prè ki gen kondisyon abizif nou konn wè anpil. Souvan, prè sa yo pa bon pou moun k ap prete lajan an. Tankou pou lòt kalite prè yo, chèche epi konpare tèm ak kondisyon yo pou jwenn òf ki pibon pou ou an.

KAT DEBI KI PREPEYE YO

Yon kat debi ki prepeye gendwa ede ou pa depase bidjè ou men siveye frè ki kache yo.

ASISTANS GRATIS

- Jwenn konsèy finansyè gratis ak pwofesyonèl fas-a-fas nan NYC Financial Empowerment Center. Rele 311 pou pran yon randevou nan zòn ou oswa al gade nan nyc.gov/dca pou jwenn plis enfòmasyon.
- Mande yon kopi gratis rapò kredi ou epi analize li byen. Ale nan annualcreditreport.com oswa rele gratis nan 1-877-322-8228.
- Sant pou senyò ak kominate retrèt ki fòme natirèlman ofri dokiman ak resous gratis.

LÒT RESOUS

- Li konsèy DCA konsènan ESKWOKRI KI RIVE SOUVAN. Epitou li lòt piblikasyon DCA yo, ikonpri:
 - [10 Bagay Chak Konsomatè Ta Dwe Konnen](#)
- Depatman pou Moun k ap Vyeyi (Department for the Aging - DFTA): Al gade nan nyc.gov/aging pou jwenn piblikasyon, ikonpri:
 - [Pa Kite Predatè Yo Pran Kay Ou: Fè Enpòtan osijè Eskwokri sou Valè Imobilyè Nèt](#)
 - [Okipe Zafè ou Byen: Pwoteje Tèt Ou ak Byen ou yo](#)
 - Depatman Etazini pou Lojman ak Developman Iben (HUD): Al gade nan hud.gov epi chèche “HECM” pou jwenn enfòmasyon osijè prè ipotekè envèse. Ou ka poze kesyon tou osijè konsèy pou lojman.
- AARP: Al gade nan aarp.org oswa rele nan 1-888-OUR-AARP (1-888-687-2277).
- Biwo Pwoteksyon Finansyè Konsomatè (Consumer Financial Protection Bureau - CFPB): Al gade nan consumerfinance.gov epi chèche:
 - “prè pou etidyan” pou jwenn enfòmasyon osijè prè pou etidyan
 - “Enfòmasyon pou Ameriken ki pi Aje”, ki gen ladann [Sajès ak Lajan pou Adilt ki pi Aje](#), CFPB ak Federal Deposit Insurance Corporation pwodui
- Òganizasyon sila yo ofri enfòmasyon osijè eskwokri pou lajan:
 - Komisyon Federal pou Komès (Federal Trade Commission - FTC): Al gade nan ftc.gov oswa rele nan 1-877-FTC-HELP (1-877-382-4357).
 - Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York: Al gade nan dos.ny.gov/consumerprotection oswa rele nan 1-800-697-1220.
 - Konsèy Nasional pou Vyeyisman: Al gade nan ncoa.org epi chèche “eskwokri pou lajan”.

- Gwoup Asistans Legal New York (New York Legal Assistance Group - NYLAG): Al gade nan nylag.org oswa rele 1-212-613-5000 pou jwenn sèvis legal sivil gratis. NYLAG goumen pou granmoun aje ki abite New York yo pou yo resevwa benefis Leta bay ak swen lakay ke yo bezwen pou viv yon vi ki gen diyite epi ki endepandan.
- Asosyasyon Bawo Vil New York (New York City Bar Association): Rele nan 1-212-626-7373 pou jwenn referans pou yon avoka.

KONSÈY SOU PWOTEKSYON KONSOMATÈ POU ADILT KI PI AJE:

ESKWOKRI KI RIVE SOUVAN

Eskwokri ki sible adilt ki pi aje yo parèt sou tout fòm, ikonpri nan telefòn, sou Entènèt, nan kourye lapòs epi menm fas-a-fas. Jwenn konsèy pou evite ou tounen yon viktим yon eskwokri epi chèche konnen eskwokri moun viktим piplis yo. Si ou viktим yon eskwokri, li enpòtan pou denonse fwòd la. Al gade nan LÒT RESOUS pou jwenn èd.

KIJAN POU EVITE VIKTIM YON ESKWOKRI

- Pa janm voye yon moun ou pa konnen lajan sou labaz yon koutfil oswa yon demann nan imèl. Sa gen ladann aksyon tankou pa voye nimewo kat ki peye ann avans yo tankou Green Dot MoneyPak.
- Pa janm bay okenn enfòmasyon pèsònèl oswa finansyè nan telefòn, nan imèl, nan mesaj tèks oswa sou sit medya sosyo yo. Pami enfòmasyon ki sansib yo, gen non ou, dat nesans, nimewo Sekirite Sosyal, adrès, lisans chofè machin, nimewo kat labank oswa kat kredi ak nimewo Medicare.
- Pa janm klike sou lyen imèl ou pa rekonèt menmsi yo soti nan men sous ou fè konfyans.
- Si gen moun k ap rele ou, pa pran koutfil yo si ou pa rekonèt nimewo yo.
- Pa janm peze bouton sou yon telefòn pandan yon apèl otomatize (mesaj ki anrejistre alavans). Fèmen telefòn lan.
- Vòlè yo gendwa itilize yon teknik ki rele mistifikasyon idantite moun k ap rele an (spoofing) pou kache yon nimewo pou li sanble se yon moun ou konnen oswa yon ajans leta ou rekonèt k ap rele ou. Fèmen telefòn lan epi kontakte ajans oswa konpayi oubyen manm fanmi an dirèkteman pou konfime sa moun lan te di ou. Pa rele nan nimewo moun ki rele a te ba ou an. Pran menm prekosyon yo pou imèl ak medya sosyo yo.
- Pwoteje konpitè, tablèt ak selilè ou kont viris ak “lojisyèl malveyan” yo grasa lojisyèl pou sekirite ak fayèwòl (firewall). Mande yon sous ki fyab asistans pou sekirize konpitè ou, si sa nesesè.
- Fè atansyon pou òf gratis oswa pwodui ak sèvis ki gen rabè yon moun ou pa konnen ap pwopoze.

- Mande tout moun k ap rele ou pou maketing, larechèch oswa lacharite pou yo ba ou enfòmasyon ekri ki detaye ou kapab tcheke oumenm.
- Fè atansyon avèk moun k ap ba ou presyon pou aji sou yon òf oswa pou siyen yon kontra touswit.
- Asire ou konprann yon kontra anvan ou siyen li. Al jwenn èd pwofesyonèl, si sa nesesè.
- Mande referans tout moun k ap ofri yon sèvis. Tcheke referans yo.

ENPÒTAN

■ Vant sou Entènèt:

- Si ou pa kapab jwenn okenn nimewo ki mache sou yon wèbsayt, pa achte anyen nan men biznis sa a.
- Pa blye li politik konsènan ranbousman yo sou Entènèt pou chèche konnen si ou kapab voye tounen yon atik pèsonèlman nan yon magazen.
- Enprime epi kenbe tout fich yo, ikonpri resi tranzaksyon sou Entènèt la, deskripsyon pwodui a, dat livrezon ki pwograme an ansanm ak kèlkeswa korespondans imèl.
- Tcheke relve kat kredi ou depi yo rive pou asire montan ki faktire an kòrèk.

■ Vant Pòt-a-Pòt:

- Tout vant pòt-a-pòt yo nan Vil New York oblige fèt avèk yon resi oswa yon kontra. Kontra a dwe gen ladann dat ak non ak adrès vandè a. Kontra a dwe alekri nan lang yo te itilize pou negosye vant la.
- Si vandè pòt-a-pòt lan te ba ou yon fòm dwa pou anile, ou gen dwa anile vant lan jiska 3 jou maksimòm apre ou fin siyen kontra a.
- Si yo pa ba ou okenn fòm, ou gen dwa anile vant la nenpòt lè.

FÈ ATANSYON...

ESKWOKRI SOU GRANPARAN

Ou resevwa yon koutfil oswa yon imèl ta nan lannwit epi moun ki rele an di pitit pitit ou gen yon ijans (aksidan machin, prizon, detansyon nan yon peyi etranje).

PYÈJ LA: Pitit pitit ou bezwen lajan touswit. Moun k ap rele an (yon fo ofisyel polis, avoka, doktè, pitit pitit) gendwa konvenkan, konnen detay pèsonèl epi sanble l ap rele apatide yon nimewo ou konnen.

ESKWOKRI MEDICARE/MEDICAID

Ou resevwa yon koutfil yon moun ki di li travay nan Medicare oswa Medicaid.

PYÈJ LA: Moun k ap rele an mande enfòmasyon pèsonèl swa pou yon "reklamasyon" oswa pou ranplase kat asirans ou an.

ESKWOKRI APARÈY MEDIKAL

Ou resevwa yon mesaj anrejistre alavans ki ofri aparèy alèt medikal gratis ak koupon pou ekonomize lajan. **PYÈJ LA:** Mesaj la ankouraje w pou peze yon bouton sou telefòn lan, sa ki bay vòlè yo enfòmasyon osijè nimewo ou. Pa egzanp, Peze 1 pou jwenn yon aparèy gratis, si ou bay adrès ou ak enfòmasyon kat kredi ou yo. Peze 5 pou "sispann" koutfil, pou yo pa rele ou ankò.

ESKWOKRI MEDIKAMAN KI PA CHÈ

Ou resevwa yon òf pou ou ka jwenn medikaman ki pa chè. **PYÈJ LA:** Ou dwe bay enfòmasyon pèsonèl ak finansyè, ikonpri enfòmasyon sou preskripsyon, asirans ak kat kredi ou.

ESKWOKRI NAN LOTRI AK TIRAJ

Yo enfòme ou ou fèk genyen yon gwo kado. **PYÈJ LA:** Ou dwe voye lajan anvan ou kapab kolekte kado a. *Administratè lotri ak tiraj ki lejitim p ap janm chaje frè pou yo voye pri ak kado w la.*

ESKWOKRI SIT SOSYAL (MENAJ/ZANMI)

Ou fè konesans yon moun sou Entènèt. **PYÈJ LA:** Rive yon lè, li mande ou voye lajan ba li.

ESKWOKRI SÈVIS KÒLÈK LAJAN TAKS (INTERNAL REVENUE SERVICE - IRS)

Ou kapab resewva yon koutfil nan men IRS swa ki menase ou poutèt ou dwe lajan oswa ke yo dwe ranbouse ou anpil lajan. **PYÈJ LA:** Ou dwe konfime oswa bay enfòmasyon oswa fè yon peman. *IRS p ap janm rele ou nan telefòn ni voye yon imèl ba ou pou chèche jwenn enfòmasyon pèsonèl oswa finansyè ou yo. IRS p ap janm mande ou fè yon peman ak yon koupon kado.*

ESKWOKRI LACHARITE

Yon òganizasyon charitab ou pa konnen kontakte ou pou yon don. *Tout òganizasyon charitab dwe anrejistre avèk Biwo Òganizasyon Charitab Pwokirè Jeneral New York.* Mande nimewo enskripsiyon òganizasyon charitab la epi mande enfòmasyon alekri sou li. Kontakte Biwo Òganizasyon Charitab la pou ankete sou òganizasyon charitab la.

ESKWOKRI KI GEN POU WÈ AK TRAVO AMELYORASYON KAY

Yon moun sonnen sonnri pòt la epi li montre ou yon bagay lakay ou oswa sou pwopriyete ou ki "dwe repare" epi li pwopoze fè reparasyon yo. *Li ilegal pou fè reparasyon kay moun si ou pa gen lisans oswa pou fè aranjman pou prè lajan pou moun pou ou kapab fè travo renovasyon oswa reparasyon kay moun nan Vil New York.* Mande yon moun ou fè konfyans si li nesesè pou fè reparasyon nan kay ou. Pa janm siyen okenn dokiman ni fè okenn peman anvan ou tcheke nan Depatman Zafè Konsomatè (DCA) pou konnen si yon biznis gen lisans li kòmsadwa.

ESKWOKRI POU SÈVIS PIBLIK

Ou resewva yon koutfil yon moun ki di li travay nan yon konpayi sèvis piblik.

PYÈJ LA: Ou dwe peye touswit sinon w ap pèdi chofaj oswa elektrisite ou oubyen, pi grav toujou, yo pral pouswiv ou devan lajistik. Oubyen yon moun ou pa konnen vini lakay ou pou mande si li ka antre lakay ou oswa li mande lajan kach pou l kapab ba ou yon sèvis.

FÈ ATANSYON...

ESKWOKRI POU REPARASYON KONPITÈ/ESKWOKRI POU SIPÒ TEKNIK

Ou resevwa yon koutfil oswa yon mesaj sou Entènèt ki di gen yon gwo pwoblèm avèk konpitè ou. **PYÈJ LA:** Moun ki rele an ankouraje ou telechaje yon pwogram oswa pou w ba li enfòmasyon koneksyon (login) ou oswa lòt enfòmasyon pèsonèl oswa finansyè pou l rezoud pwoblèm la.

ESKWOKRI POU BENEDIKSYON

Yon moun di ou yon move bagay ap rive ou oswa ap rive yon moun nan fanmi ou si ou pa resevwa yon benediksyon sou fòtin ou an. Anjeneral, “fòtin” vle di lajan kach ak bijou. Ou dwe pote fòtin ou nan yon sak pou yo kapab beni li. Pandan “benediksyon” an, yo vòlè fòtin ou. Nan Vil New York, eskwokri sa yo te sible kominote Chinwaz la.

ESKWOKRI SÈK PRETE LAJAN

Nan anpil kominote imigre, sèk prete lajan enfòmèl se yon fason pou jwenn lajan lè ou pa kapab mande labank oswa kès depay lajan. Patisipan yo peye yon lajan chak mwa. Ou resevwa yon peman lè se ou ki devan ankò. Chèche jwenn plis enfòmasyon konsènan kèlkeswa sèk ki prete lajan anvan ou deside patisipe ladann.

ESKWOKRI POU DIVINASYON

“Divinasyon” ilegal nan New York. Pa gen pèsòn ki gen dwa fè ou peye lajan pou predi lavni ou oswa pou retire yon malediksyon sou ou.


ASISTANS GRATIS

- Jwenn konsèy finansyè gratis ak pwofesyonèl fas-a-fas nan NYC Financial Empowerment Center. Rele 311 pou pran yon randevou nan zòn ou oswa al gade nan nyc.gov/dca pou jwenn plis enfòmasyon.
- Rele 311 oswa al gade nan nyc.gov/dca pou tcheke si yon biznis gen akreditasyon DCA a, pou pote plent oswa pou jwenn konsèy pou konsomatè.
- Bibliyotèk Piblik New York ofri kou ak atelye travay pou adilt ki pi aje, ikonpri fòmasyon pou sèvi ak konpitè. Al gade nan nypl.org.
- Sant pou senyò ak kominate retrèt ki fòme natirèlman ofri dokiman ak resous gratis.

LÒT RESOUS

- Li konsèy DCA yo konsènan FINANS. Epitou al gade nan nyc.gov/dca pou jwenn plis enfòmasyon osijè eskwokri.
- Al gade nan nyc.gov/aging pou telechaje jwèt entèyaktif gratis lan ki rele It's My Money! Li gendwa aprann ou ki kalite eskwokri finansyè ki sèvi ak kourye lapòs, telefòn, televizyon ak konpitè.
- Òganizasyon sila yo ofri alèt kont eskwokri ansanm ak lòt enfòmasyon pou pwoteksyon konsomatè yo:
 - Komisyon Federal pou Komès (FTC): Al gade nan ftc.gov oswa rele nan 1-877-FTC-HELP (1-877-382-4357). Denonse vòl idantite ba FTC apre ou ranpli yon rapò polis.
 - Biwo Pwoteksyon Finansyè Konsomatè (CFPB): Al gade nan consumerfinance.gov oswa rele 1-855-411-2372.
 - Depatman Sekirite Teritwa a (Department of Homeland Security): Al gade nan dhs.gov pou Konsèy sou Medya Vityèl pou Ameriken ki pi Aje (Cyber Tips for Older American).
 - Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York: Al gade nan dos.ny.gov/consumerprotection oswa rele nan 1-800-697-1220.
 - Divizyon Zafè Konsomatè New Jersey: Telechaje Twous Anti-Fwòd la nan njconsumeraffairs.gov/fightingfraud.
 - AARP: Al gade nan aarp.org oswa rele nan 1-888-OUR-AARP (1-888-687-2277).
- Pou ka enskri pou Rejis Nasyonal Pa Rele an, al gade nan donotcall.gov oswa rele 1-888-382-1222.
- Pou denonse yon eskwokri kont IRS, rele IRS nan 1-800-829-1040, apre sa depoze yon plent avèk FTC an.
- Si ou gen kesyon ou ta renmen poze osijè òganizasyon charitab, al gade nan CharitiesNYS.com oswa rele 1-212-416-8401.

NÒT



“

Pou pwoteje ak
amelyore lavi
ekonomik toulejou
abitan Vil New York
pou kreye kominate
ki pwospè.

”